



PWOGRAM SIBVANSYON BIZ-M-POWER

POUKISA NOU AP LANSE PWOGRAM SIBVANSYON SA A?

Misyon MGCC se ede antreprenè ak pwopriyetè ti biznis yo nan Massachusetts reyisi ekonomikman. Pwogram sa a konsantre sou asiste antreprenè ki pa gen anpil revni ak sa ki gen yon revni ki modere yo jwenn, agrandi epi amelyore oswa lwe yon enstalasyon, achte oswa lwe ekipman, oswa satisfè lòt bezwen prensipal yon biznis kapab genyen atravè finansman an gwoup.

Objektif Biz-M-Power se bay antreprenè yo nouvo konesans ak kapasite pou agrandi biznis yo epi pwogrese ale nan apwòch inovan pou jwenn kapital atravè sipò merite rezidan lokal yo, vwazinaj yo, manm kominote yo, ak pati entereze yo.

Biz-M-Power genyen de (2) faz pou bay pwopriyetè ti biznis yo ak antreprenè yo mwayen pou yo kapab genyen siksè ekonomik. Objektif la se pwomosyon siksè ekonomik pou pwopriyetè ti biznis yo nan Massachusetts atravè sipò pou ranmase kapital/lajan pou biznis ki ap aplike pou sibvansyon Biz-M-Power an. Premye etap la se aplike pou pwogram lan, sa ki mande yon patenarya ak yon òganizasyon nan rezo Founisè Asistans Teknik pou Ti Biznis (Small Business Technical Assistance, SBTA) MGCC an, ki pral sèvi antanke Esponnsò pou aplikan yo. Dezyèm etap la, pandan aplikasyon MGCC an ak sa Patronaj la ap tann apwobasyon yo, se ap itilize platfòm kòlèk lajan an pou jwenn pwofi nan sipò kominotè epi jwenn fon pou rive genyen kantite yo mande an nan aplikasyon pou sibvansyon yo an.

Gras ak yon total \$7,500,000 nan fon ki afekte nan Bidjè Fonksyonman Commonwealth la pou ane Fiskal 2021 an (FY21), sibvansyon korespondans jiska \$20,000 disponib pou pèmèt opòtinite sila a pou yon kanpay kòlèk lajan ki fè siksè. Yo ap bay priyorite ak ti biznis kategori atizanal ki genyen pwopriyetè fanm, minoritè, imigran, lang Anglè pa lang manman yo, veteran militè Ameriken, andikape, manm kominote LGBTQ+, ak bizinis ki ap fonksyone nan vil bò lanmè nan Massachusetts yo.

KISA PWOGRAM SIBVANSYON SA YE?

Pwogram sibvansyon sa a ap bay jiska \$20,000 fon sibvansyon (san frè \$250 pou peye Esponnsò SBTA an) pou akonpli pwojè ki ap ede ti biznis moun ki fèb ekonomikman ak sosyalman yo jwenn fon atravè yon pwogram kòlèk lajan. Founisè SBTA yo ap esponsorize epi ede ti biznis yo jwenn aksè ak epi konplete pwosesis aplikasyon an. Ti biznis ki ap aplike an, ak èd Esponnsò SBTA yo an, epi si li apwouve pou pwochen etap la kote yon antrenè Patronicity nan ede li ak pwojè kòlèk lajan yo an.

KILÈS KI KALIFYE POU APLIKE?

Moun ki ap aplike an dwe yon **antreprenè** oswa yon **ti biznis** ki:

- **Baze** nan Massachusetts ak yon etablisman fizik ki ap fonksyone nan Massachusetts
- **Genyen** 1-20 anplwaye FTE, kantite sa genyen ladan li youn oswa plis ki se mèt biznis lan.
- **Se** premye sous lajan pwopriyetè biznis la.
- **Genyen** yon revni anyèl ki pa depase \$2,500,000
- **Te jwenn** nominasyon nan men yon Founisè Asistans Teknik atravè Pwogram Asistans Teknik pou Ti Biznis MGCC lan.
- **Te** etabli legalman nan premye etap fonksyonman biznis yo pou omwen 3 mwa
- **Pa yon** òganizasyon non likratif, ki pa likratif, oswa karitatif
- **Pa yon** franchiz ki genyen plis pase 2 etablisman, ki genyen ladan li sa ki genyen pwopriyetè ak fonksyonman yo apa (Franchiz ki genyen jiska 2 etablisman yo ap jwenn konsiderasyon)
- **Pa yon** biznis imobilye (lokasyon/lavant)
- **Pa yon** demachè
- **Pa yon** biznis ki gen pou wè ak kanabis (dwòg)

Genyen yon pwopriyetè ki:

- Genyen 18 lane oswa pi plis nan moman aplikasyon an:
- Se sitwayen Ameriken oswa yon rezidan pèmanan

KILÈ PWOGRAM SIBVANSYON SA AP KÒMANSE?

Pwogram sibvansyon sa ap kòmanse nan dat 15 jen 2021. Se ap yon aplikasyon pèmanan ak soumisyon aplikasyon pou sibvansyon ki ap pase nan revizyon chak mwa. Premye delè a se 2 out 2021.

KIJAN MWEN KAPAB APLIKE?

Tou aplikan yo dwe jwenn Esponnsò Founisè Saistans Teknik lan atravè Pwogram SBTA MGCC an. Pou jwenn yon lis Founisè SBTA yo, tanpri klike la:

<https://www.empoweringsmallbusiness.org/fy2021-awardees>

Tanpri jwenn tout RFP an, plis enfòmasyon sou aplikasyon an, tèm, itilizasyon apwouve lajan an, ak plis detay sou sitwèb nou an: <https://www.empoweringsmallbusiness.org/bizmpower>